

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Méthode Panalungtikan

Numutkeun Sugiyono (2012, kc. 3) nyebutkeun yén méthode panalungtikan nyaéta cara panalungtik dina ngumpulkeun data. Lian ti éta nurutkeun Siswantoro (2010, kc. 55) nyebutkeun yén méthode panalungtikan nyaéta cara anu digunakeun panalungtik dina matotoskeun pasualan anu ditalungtikna. Saluyu jeung pamadegan Arikunto (2013, kc. 203) nyebutkeun yén méthode panalungtikan nyaéta cara pikeun ngumpulkeun data dina panalungtikan. Jadi kacindekana mah méthode panalungtikan téh nyaéta hiji cara anu digunakeun ku panalungtik dina prosés matotoskeun masalah.

Patali jeung pamarekan kualitatif, méthode anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta méthode déskriptif analitik. Nurutkeun Ratna (2012, kc. 53) méthode déskriptif analitik mangrupa cara pikeun ngadéskripsikeun sacara sistematis fakta-fakta hasil panalungtikan. Cindekna mah méthode déskriptif analitik téh mangrupa cara medar pasualan-pasualan faktual anu satuluyna bakal dianalisis sacara teleb.

Méthode déskriptif analitik dina ieu panalungtikan, miboga udagan pikeun ngadéskripsikeun jeung nganalisis hasil panalungtikan mangrupa pedaran struktur carita nurutkeun tiori Robert Stanton ngawengku: téma; fakta carita; jeung sarana-sarana sastra. Satuluyna, dina ieu hal ngadéskripsikeun ogé hasil analisis étnopédagogi Sunda.

Pamarekan anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta kualitatif. Nurutkeun Emzir (2016, kc. 3) yén panalungtikan kualitatif téh mangrupa déskriptif, data anu dikumpulkeun dina wangun tulisan atawa gambar, lain dina wangun angka. Dina pamarekan kualitatif, panalungtik bisa nangtukeun subjek jeung maluruh pasualan anu karandapan di sabudeureunana.

Azi Sastrawan, 2021

ROMAN RANGGA MALÉLA KARYA OLLA S. SUMARNAPUTRA (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG ÉTNOPÉDAGOGI)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu


3.2 Désain Panalungtikan

Hal anu mimiti dilakukeun dina ieu panalungtikan nyaéta nangtukeun rarancang panalungtikan, nu sok disebut ogé *desain* panalungtikan, ti mimiti ngarumuskeun masalah nepi ka nyieun kacindekan. Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 90) *desain* panalungtikan nyaéta rarancang anu rék dilakukeun panalungtik dina prosés panalungtikan. *Desain* ieu panalungtikan diébréhkeun dina bagan ieu di handap.

Azi Sastrawan, 2021

ROMAN RANGGA MALÉLA KARYA OLLA S. SUMARNAPUTRA (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG ÉTNOPÉDAGOGI)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu



Bagan 3. 1 *Desain* Panalungtikan

3.3 Téhnik Ngumpulkeun jeung Ngolah Data

Aya dua téhnik dina nyangking data panalungtikan nyaéta téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik ngolah data.

Azi Sastrawan, 2021

ROMAN RANGGA MALÉLA KARYA OLLA S. SUMARNAPUTRA (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG ÉTNOPÉDAGOGI)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

3.3.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Nurutkeun Sugiyono (2005, kc. 62) téhnik ngumpulkeun data mangrupa léngkah anu paling stratégis dina panalungtikan pikeun nyangking data. Ku kituna panalungtik kudu apal kana téhnik ngumpulkeun data, sabab upama panalungtik teu apal kana téhnik ngumpulkeun data moal meunangkeun data anu nyumponan standar nu ditetepkeun. Loba hal anu bisa dilakukeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data panalungtikan.

Kegiatan ngumpulkeun data mangrupa hal anu penting dina prosés panalungtikan (Siswanto, 2010, kc. 73). Ieu kegiatan nangtukeun kualitas hasil jeung eusi panalungtikan. Ku kituna dina prosés ngumpulkeun data kudu dilakukeun kalayan taliti.

Téhnik nu digunakeun dina ngumpulkeun data nyaéta studi pustaka. Ieu téhnik dipaké dina ngumpulkeun data jeung nganalisis data sarta néangan sumber tiori nu ngarojong kana ieu panalungtikan. Cara ngalarapkeun ieu téhnik nyaéta macaan sumber data nu mangrupa roman sajarah *Rangga Maléla* karya Olla S. Sumarnaputra jeung sumber data lianna anu raket patalina jeung ulikan struktural sarta étnopédagogi.

Léngkah-léngkah ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan, nyaéta.

- 1) Maca roman sajarah *Rangga Maléla* karya Olla S. Sumarnaputra
- 2) Maluruh téma, fakta carita (galur, palaku/watek, jeung latar), sarta sarana sastra (judul jeung puseur sawangan) dina roman sajarah *Rangga Maléla* karya Olla S. Sumarnaputra.
- 3) Maluruh étnopédagogi dina roman sajarah *Rangga Maléla* karya Olla S. Sumarnaputra.

3.3.2 Téhnik Ngolah Data

Dina panalungtikan kualitatif digunakeun téhnik ngumpulkeun data sarta ngolah data, nu aya dina sababaraha sumber data (Sugiyono, 2015, kc. 87). Hartina, sanggeus panalungtik ngumpulkeun data léngkah satuluyna nyaéta ngolah data. Nurutkeun Moleong dina Djaelani (2013, kc. 85), téhnik analisis data
Azi Sastrawan, 2021

ROMAN RANGGA MALÉLA KARYA OLLA S. SUMARNAPUTRA (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG ÉTNOPÉDAGOGI)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

mangrupa prosés dina ngaruntuykeun data dumasar kana pola, katégori, jeung sajabana. Aya sawatara léngkah anu bisa dilakukeun dina ngolah data. Nurutkeun Miles jeung Huberman dina Djaelani (2013, kc. 85-86) léngkah anu dilakukeun saperti ieu di handap.

- 1) Ngumpulkeun data ngagunakeun téhnik obsérvasi, wawancara, atawa dokuméntasi;
- 2) Réduksi data, nyaéta prosés milih, museur kana data anu baris ditalungtik;
- 3) *Penyajian* data, nyaéta informasi data anu geus ditalungtik dumasar kana sawatara katégori;
- 4) *Kacindekan*, nyaéta pedaran singget tina data anu baris dikumpulkeun.

Dumasar kana léngkah-léngkah nganalisis data nurutkeun Miles jeung Huberman, ieu di handap dijelaskeun sawatara léngkah ngolah data dina ieu panalungtikan.

- 1) Milih karya sastra anu rék ditalungtik tuluy niténan kana data anu geus kakumpul.
- 2) Nyieun papasingan data, dumasar pamarekan struktural jeung féminisme.
- 3) Nganalisis struktur carita kayaning téma, fakta carita (galur, palaku/watek, jeung latar), sarta sarana-sarana sastra (judul jeung puseur sawangan) dina roman sajarah *Rangga Maléla* karya Olla S. Sumarnaputra;
- 4) Ngadéskripsikeun jeung nafsirkeun kana sakabéh data anu kapanggih dina roman sajarah *Rangga Maléla* karya Olla S. Sumarnaputra.

Téhnik ngolah data dina ieu panalungtikan maké téhnik analisis. Sangkan leuwih jéntré, ieu di handap baris didadarkeun léngkah-léngkah téhnik analisis data.

1) Téhnik Analisis Struktur Roman Sajarah *Rangga Maléla*

Analisis anu mimiti dina ieu panalungtikan nyaéta nganalisis struktur roman sajarah *Rangga Maléla* karya Olla S. Sumarnaputra. Struktur dianalisis dumasar kana tiori Robert Stanton nyaéta téma, fakta carita jeung sarana-sarana sastra. Ku kituna anu baris dianalisis nyaéta:

Azi Sastrawan, 2021

ROMAN RANGGA MALÉLA KARYA OLLA S. SUMARNAPUTRA (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG ÉTNOPÉDAGOGI)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- a) Téma;
- b) Fakta carita anu ngawengku galur, palaku/watek, jeung latar;
- c) Sarana sastra anu ngawengku judul jeung puseur sawangan.

2) Téhnik Analisis Étnopédagogi dina roman sajarah *Rangga Maléla*

Aya opat hal anu dianalisis jeung didésripsikeun patali jeung étnopédagogi kasundaan dina roman sajarah *Rangga Maléla*. Étnopédagogi kasundaan anu dianalisis nyaéta:

- a) Pengkuh agamana;
- b) Luhung élmuna;
- c) Jembar budayana;
- d) Rancage gawena.

3.4 Instrumén Panalungtikan

Nurutkeun Siswanto (2010, kc. 73) instrumén mangrupa alat anu digunakeun pikeun nyangking data. Sacara umum anu biasa digunakeun nyaéta *teks, interview, observasi* atawa *angket*.

Instrumén nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta kartu data. Makéna kartu data nyaéta pikeun ngumpulkeun data nu aya sangkan babari dipikaharti. Kartu data dina ieu panalungtikan nyaéta hasil analisis tina struktur roman sajarah *Rangga Maléla* karya Olla S. Sumarnaputra jeung étnopédagogi kasundaan. Ieu di handap mangrupa conto kartu data jeung tabél anu digunakeun dina ngolah data.

3.4.1 Instrumén Ngumpulkeun Data

- 1) Struktur Carita dina Roman Sajarah *Rangga Maléla* karya Olla S. Sumarnaputra

Tabél 3. 1
Cutatan Téma Roman Sajarah *Rangga Maléla*

No.	Tema	Cutatan	Kode Data (RM/B/P/R/KC)

Katerangan:

Azi Sastrawan, 2021

ROMAN RANGGA MALÉLA KARYA OLLA S. SUMARNAPUTRA (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG ÉTNOPÉDAGOGI)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

1. RM : Rangka Maléla
2. B : Bagian
3. P : Paragraf
4. R : Runtuyan
5. Kc : Kaca

Tabél 3. 2
Struktur Alur Roman Sajarah *Rangga Maléla*

No.	Alur	Kode Data (RM/B/R)

Katerangan:

1. RM : Rangka Maléla
2. B : Bagian
3. R : Runtuyan

Tabél 3. 3
Cutatan Tokoh jeung watek Roman Sajarah *Rangga Maléla*

No.	Tokoh	Watek	Cutatan	Kode Data (B/P/R/KC)

Katerangan:

1. B : Bagian
2. P : Paragraf
3. R : Runtuyan
4. Kc : Kaca

Tabél 3. 4
Cutatan Latar Roman Sajarah *Rangga Maléla*

No.	Latar	Cutatan	Kode Data (L/B/R/KC)

Katerangan:

1. L : Latar (LW: Latar Waktu, LT: Latar Tempat, LS: Latar Sosial)
2. B : Bagian
3. R : Runtuyan

Azi Sastrawan, 2021

ROMAN RANGGA MALÉLA KARYA OLLA S. SUMARNAPUTRA (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG ÉTNOPÉDAGOGI)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

4. Kc : Kaca

Tabél 3. 5

Cutatan Puseur Implengan Roman Sajarah *Rangga Maléla*

No.	Puseur implengan	Cutatan	Kode Data (B/R/KC)

Katerangan:

1. B : Bagian
2. R : Runtuyan
3. Kc : Kaca

Tabél 3. 6

Cutatan Ajén Étnopédagogi Roman Sajarah *Rangga Maléla*

No.	Ajén Étnopédagogi	Cutatan	Kode Data (B/R/KC/P)

Katerangan:

1. B : Bagian
2. R : Runtuyan
3. Kc : Kaca
4. P : Paragraf

3.4.2 Instrumén dina Ngolah Data

- 1) Struktur Carita dina Roman Sajarah *Rangga Maléla*

Gambar 3. 1

Conto Kartu Data Struktur Carita

Kartu Data Analisis Struktur	
1. Kode Data	:
2. Cutatan Carita	:
3. Analisis	:

- 2) Kartu Data Ajén Étnopédagogi Roman Sajarah *Rangga Maléla*

Azi Sastrawan, 2021

ROMAN RANGGA MALÉLA KARYA OLLA S. SUMARNAPUTRA (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG ÉTNOPÉDAGOGI)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Gambar 3. 2
 Conto Kartu Ajén Étnopédagogi Roman Sajarah *Rangga Maléla*

Kartu Data Ajén Étnopédagogi		
1. Kode Data	:
2. Cutatan Carita	:
3. Analisis	:

3.5 Data jeung Sumber Data Panalungtikan

3.5.1 Data Panalungtikan

Data dina ieu panalungtikan nyaéta sagemblengna eusi carita roman sajarah *Rangga Maléla* karya Olla S. Sumarnaputra wedalan Kiblat Buku Utama, citakan kahiji taun 2011, kandelna 201 kaca. Salian ti éta, data anu ngarojong kana ieu panalungtikan di antarana buku sumber, artikel, jurnal, jeung panalungtikan-panalungtikan saméméhna anu aya patalina jeung ulikan struktural sarta étnopédagogi.

3.5.2 Sumber Data Panalungtikan

Nurutkeun Siswanto (2010, kc. 72) sumber data mangrupa subjek panalungtikan anu baris dianalisis. Subjék panalungtikan sastra nyaéta téks-téks dina roman atawa novel, novelet, carpon, drama, jeung puisi. Ari nurutkeun Arikunto (2013, kc. 172) sumber data panalungtikan nyaéta subjék anu dipaké pikeun data panalungtikan.

Data nu dianalisis dina ieu panalungtikan nyaéta struktur carita dina roman pondok nu ngawengku téma, fakta carita (galur, palaku/watek, jeung latar), jeung sarana sastra (judul jeung puseur sawangan). Salian ti eta maluruh ogé étnopédagogi kasundaan anu aya dina roman sajarah *Rangga Maléla* karya Olla S. Sumarnaputra.


Azi Sastrawan, 2021

ROMAN RANGGA MALÉLA KARYA OLLA S. SUMARNAPUTRA (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG ÉTNOPÉDAGOGI)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

3.5.2.1 Roman Sajarah *Rangga Maléla* Karya Olla S. Sumarnaputra

Judul	: <i>Rangga Maléla</i>
Pangarang	: Olla S. Sumarnaputra
Medal	: Citakan ka-1, Sapar 1432 H./Januari 2011
Penerbit	: PT Kiblat Buku Utama
Kandel Buku	: 201 kaca



Gambar 3. 2

Jilid roman sajarah *Rangga Maléla*

Roman pondok karya Olla S. Sumarnaputra anu judulna *Rangga Maléla* nyaritakeun kaayaan dayeuh Kutamaya anu harita dirajaan ku Wastu Kencana (1371-1475) sabada ditalukeun ku sélér bajo Silalawi, anu dirajaan ku Ranggapati. Tapi kulantaran kahengkeran raja, nu nyekel kakawasaan saenyana mah prameswari tur jeung dijurng ku Ki Langkara si hulubalang salingkuhan prameswari.

Basa Kutamaya dirurug ku Sililiawi, Rangga Maléla putra mahkota raja Kutamaya mangsa harita, Prabu Gangga Maléla masih orok keneh anu tuluy disalametkeun ku sénopati karajaan, Ki Jagabaya, lau dibawa ka Galuh. Dina roman Rangga Maléla ogé dicaritakeun Ratna Intén nalika masih kénéh budak.

Azi Sastrawan, 2021

ROMAN RANGGA MALÉLA KARYA OLLA S. SUMARNAPUTRA (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG ÉTNOPÉDAGOGI)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Ratna Inten téh putri Ranggapati jeung garwa anu kaduana, alona raja Gangga Maléla anu henteu mili belapati cara para putri karaton liana nu tuluy jadi putri boyongan.

3.5.2.2 Biografi Olla S. Sumarnaputra

Olla Saléh Sumarnaputra salah saurang pangarang bébas nu biasa ngabahas perkara basa, sastra, adat, jeung sajarah Sunda. Lian ti eta, Olla Saléh Sumarnaputra ogé sering nulis carita nyambung nu kasangtukangna sajarah Sunda di sababaraha média massa. Olla Saléh Sumarnaputra kaasup pangarang terpelajar saupama di tilik tina kasang tukangna.

Katiten Olla Saléh Sumarnaputra bisa sakola nepika paguron luhur bari jeung kudu ngajar di SMA. Olla Saléh Sumarnaputra dina nyiptakeun sarta ngaékprésikeun hiji karya sastra didadasaran ku pangalaman jeung pangaweruh dina kaayaan diri anjeuna. Ku kituna, nalika Olla Saléh Sumarnaputra nyiptakeun karya sastra roman Sajarah *Rangga Maléla* jadi bukti yén Olla Saléh Sumarnaputra dina nyiptakeun karya sastra dumasar kana pangalaman jeung pangaweruh anu jadi kasang tukang anjeuna, sabab dina éta roman sajarah eusina ngabahas perkara sajarah di tanah Sunda.

Éta hal katitén tina karya Olla Saléh Sumarnaputra anu ngagambarkeun kaayaan karajaan-karajaan dina mangsa harita anu silih rebut kakuasaan antara pancakaki kulawarga anu kacida ketirna, tina segi pamarentahan, pertahanan, atikan, kabudayaan, sarta sosial-politik jeung ékonomi.

Roman sajarah *Rangga Maléla* karya Olla Saléh Sumarnaputra mangrupa karya sastra dina wangun roman nu eusina patali jeung sajarah cikal bakal ayana karajaan nu aya di tanah Sunda. Ieu roman téh buku kahiji tina roman trilogi munggaran dina sastra Sunda dina wangun carita bersambung sabab aya carita anu kadua jeung katiluna. Carita nu kaduana *Ratna Inten*, jeung carita katiluna

Azi Sastrawan, 2021

ROMAN RANGGA MALÉLA KARYA OLLA S. SUMARNAPUTRA (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG ÉTNOPÉDAGOGI)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Tumpurna Ki Langkara. Diterbitkeun ku pamedal Jaya Giri dina taun 1965. Dina bulan Januari 2011, ieu roman diterbitkeun deui ku pamedal Kiblat Buku Utama.

Anu jadi pangbeda antara terbitan taun 1965 pamedal Jaya Giri jeung taun 2011 pamedal Kiblat Buku Utama nyaéta dina struktur panulisan anu geus maké ejaman anu anyar, tapi tetep teu ngaleungitkeun ciri khasna nu jadi purwaka carita nyaéta rajah pamuka. Dina roman sajarah *Rangga Maléla* nyaritakeun kahirupan mangsa harita di jaman kerajaan Sililiawi anu kasohorna. Tokoh utama tina éta roman nyaéta *Rangga Maléla* nu ngalakonan lalampahn ti karajaan Galuh nepika Sililiawi anu teu lumangsung mulus, sabab aya sawatara hal anu jadi panghalang dina ngalakonana.

Saupama, ditilik tina runtuyan caritana, tangtu waé ieu roman di dasaran ku pangawéruh pangarangna kana sajarah di tanah Sunda. Ieu roman sajarah jadi gambaran kahirupan mangsa ayana karajaan-karajaan dina abad kaopatwelas di tanah Sunda. Ku kituna, tangtu dina ieu roman sajarah miboga hal-hal anu bisa diguar tur ditalungtik tina widang atikan jeung hal anu séjéna.

Azi Sastrawan, 2021

ROMAN RANGGA MALÉLA KARYA OLLA S. SUMARNAPUTRA (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG ÉTNOPÉDAGOGI)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu